

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis panalungtikan data dina bab IV, kamampuh nulis aksara Sunda anu ngagunakeun model *Make-A Match* jeung model *Explicit Instruction* bisa dicindekeun di handap ieu.

- a. Hasil nulis aksara Sunda anu ngagunakeun model *Make-A Match* skor rata-rata nulis aksara swara nya éta 96,5 atawa dina kategori luhur pisan. Hasil skor nulis aksara ngalagena nya éta 92,9 atawa dina kategori luhur pisan. Hasil skor nulis angka nya éta 91,2 atawa dina kategori luhur pisan. Hasil nulis skor rata-rata rarangkén nya éta 87,6 atawa dina kategori luhur. Hasil nulis skor rata-rata dina nyusun kalimah nya éta 92,6 atawa dina kategori luhur pisan. Hasil nulis aksara Sunda skor rata-rata karapihan nulis nya éta 62,3 atawa dina kategori kurang. Sedengkeun dina skor hasil rata-rata nulis aksara Sunda di kelas anu ngagunakeun model *Make-A Match* nya éta 84,42 atawa dina kategori luhur.
- b. Hasil nulis aksara Sunda anu ngagunakeun model *Explicit Instruction* skor rata-rata nulis aksara swara nya éta 89,7 atawa dina kategori luhur. Hasil skor nulis aksara ngalagena nya éta 86,9 atawa dina kategori luhur. Hasil skor nulis angka nya éta 91,9 atawa dina kategori luhur pisan. Hasil nulis skor rata-rata rarangkén nya éta 82,5 atawa dina kategori luhur. Hasil nulis skor rata-rata dina nyusun kalimah nya éta 48,3 atawa dina kategori kurang pisan. Hasil nulis aksara Sunda skor rata-rata karapihan nulis nya éta 63,1 atawa dina kategori kurang. Sedengken dina skor hasil rata-rata nulis aksara Sunda di kelas anu ngagunakeun model *Explicit Instruction* nya éta 74,49 atawa dina kategori luhur.
- c. Babandingan skor nulis aksara swara anu ngagunakeun model *Make-A Match* jeung *Explicit Instruction* nya éta 96,5 jeung 89,7. Babandingan skor nulis

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Inrtuction Dina Pangajaran
Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar
2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

aksara ngalagena anu ngagunakeun model *Make-A Match* jeung *Explicit Instruction* nya éta 92,9 jeung 86,9. Babandingan skor nulis angka anu ngagunakeun model *Make-A Match* jeung *Explicit Instruction* nya éta 91,2 jeung 91,9. Babandingan skor nulis rarangkén nau ngagunakeun model *Make-A Match* jeung *Explicit Instruction* nya éta 87,6 jeung 82,5. Babandingan skor nulis aksara Sunda dina nyusun kalimah anu ngagunakeun model *Make-A Match* jeung *Explicit Instruction* nya éta 92,6 jeung 48,3. Sedengkeun babandingan hasil skor nulis aksara Sunda tina karapihan tulisan anu ngagunakeun model *Make-A Match* jeung *Explicit Instruction* nya éta 62,3 jeung 63,1.

- d. Pamungkas anu dilaksanakeun téh nya éta nguji hipotésis ngagunakeun uji t. Hasil uji t nuduhkeun yén dina taraf signifikansi 99% $t_{\text{itung}} = 3,27 > t_{\text{tabel}} = 0,31$. Hartina hipotésis dina ieu panalungtikan téh ditarima. Ku kituna, modél *Make-A Match* éfektif pikeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X SMA Negeri 1 Sukaresmi.

5.2. Saran

Aya sababaraha saran pikeun guru salaku anu ngajar, hususna dina pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun model *Make-A Match* jeung *Explicit Instruction*, nya éta ieu di handap.


- a. Dumasar kana hasil panalungtikan, modél *Make-A Match* leuwih éfektif tibatan model *Explicit Instruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis, hususna kamampuh nulis aksara Sunda. Ku kituna, model *Make-A Match* bisa jadi alternatif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda.
- b. Dina hasil diajar siswa ngagunakeun model *Make-A Match* aya kakuranganna. Dina model *Make-A Match* kakuranganna siswa kurang dina hasil diajar nulis angka jeung dina karapihan nulis aksara Sunda. Anu kahareupna guru bisa leuwih merhatikeun siswa dina diajar nulis angka jeung karapihan tulisan aksara Sunda.

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél *Make- A Match* Jeung Model *Explicit Instruction* Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- c. Dina hasil diajar siswa ngagunakeun model *Explicit Instruction* masih aya kakuranganna. Dina model *Explicit Instruction* kakurangan siswa nya éta dina hasil diajar nulis aksara swara, ngalagena, rarangkén, jeung nyusun kalimah maké aksara Sunda. Anu kahareupna guru bisa leuwih merhatikeun siswa dina diajar nulis aksara swara, ngalagena, rarangkén, jeung nyusun kalimah.
- d. Ieu panalungtikan ngan sakur diayakeun di kelas X SMA Negeri 1 Sukaresmi ngagunakeun *study comparative statistik*, dipiharep ayana panalungtikan séjén anu leuwih jembar deui.



Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran
Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar
2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu